




# LAPÈS PÒSIN AFRIKEN



DEKLARE KOCHON MALAD YO  
866-536-7593

Lapès Pòsin Afriken se yon viris ki afekte ni kochon domestik ni kochon sovaj yo. Li gaye byen rapid e li tiye majorite kochon ki genyen l yo. Yo pa t janm jwenn maladi sa a Ozetazini. Li pa yon menas pou sante moun. Li pa yon pwoblèm pou sekirite alimantè.

Moun kapab genyen lapès pòsin Afriken, men yo ka pote li sou rad, soulye, ak ekipman yo. Yon epidemi Ozetazini t ap gen gwo efè sou ekonomi endistri pòsin nan.

**Ede nou kenbe kochon Ozetazini yo lwen maladi mòtèl sa a!**

**Konprann kòman viris la gaye, epi jwe patisyon pa w pou pwoteje kont li.**


**Plis enfòmasyon:**  
[www.aphis.usda.gov](http://www.aphis.usda.gov)

# Lapès Pòsin Afriken

## Itilize Biyosekirite pou Pwoteje Fèm Ou

### Kisa ki Biyosekirite a?

Biyosekirite a se yon ansanm mezi yo pran pou kenbe maladi ak patojèn ki pote yo a—viris, bakteri, chanpiyon, parazit, ak lòt ti òganis—lwen betay, pwopriyete, ak moun.



### Moun yo ka gaye maladi a san yo pa konnen.

Itilize bon pratik biyosekirite nan fèm ou an pou pwoteje kochon ou yo—tout jounen, chak jou.

- Revize plan biyosekirite avèk yon veterinè akredite, epi aktyalize oswa amelyore si sa nesèsè. Ou pa gen plan? Fè youn epi swiv li.
- Rasire w tout moun ki vini nan fèm ou an—travayè ak vizitè—konnen epi swiv pratik biyosekirite ou yo.
- Bay nouvo travayè yo oswa tout moun nan fèm ou an fòmasyon sou biyosekirite.

### Konnen Kiyès ak Kisa Ki Nan Fèm Ou an Pa kite okenn moun pote maladi nan fèm ou an.

- Limite sikilasyon nan fèm nan nan mezi sa posib.
- Kenbe yon dosye detaye sou tout moun, machin, ak ekipman ki nan fèm ou an oswa lòt etablisman pwodiksyon kochon yo.
- Netwaye epi dezenfekte tout ekipman ak machin k ap antre oswa kite sit ou a.
- Mete kochon malad yo lwen pak la ak vizitè yo.
- Mande vizitè yo si yo te vwayaje aletranje dènyeman. Pa kite okenn moun ki te nan yon peyi ki gen lapès pòsin Afriken antre nan fèm ou an pandan omwen 5 jou apre li retounen Ozetazini.
- Rasire ou vizitè yo mete rad ak soulye ki pwòp nan etablisman pwodiksyon kochon yo ak nan fèm yo.